

Chapit 2. Administrasyon jeneral
Seksyon 2.131

Règleman 2.131 Distribisyon Elèv/Afichaj Literati ak Materyèl

Se entansyon règleman sa a pou rekonèt dwa libète ekspresyon elèv nan lekòl piblik. Elèv yo gen dwa pou eksprime opinyon ak pwendvi yo jan yo vle nan lè, plas ak limit lalwa pèmèt yo fè sa. Elèv yo dwe jwenn otorizasyon alekri nan men direktè/tris la anvan yo distribiye ak/oswa afiche materyèl yo. Se sèlman elèv ki enskri nan yon sit lekòl espesifik ki kab gen pèmisyon pou distribiye ak /oswa afiche materyèl yo selon règleman an nan sit lekòl sa a.

A. ELÈV K AP FÈ DISTRIBISYON MATERYÈL

1. Elèv k ap distribiye materyèl ki pa akademik pou zanmi nan lekòl li dwe pote yon kopi materyèl la bay direktè/tris la, oswa administratè an chaj la si direktè/tris la pa disponib pou revize li. Direktè/tris oswa administratè an chaj la ap otorize distribisyon an nan karan (48) èdtan apre li fin resevwa li amwenske direktè/tris la detèmine ke materyèl la:
 - a. endesan, obsèn oswa pònografik;
 - b. Kapab antisipe yon rezon pou koze oswa kreye yon gwo dezòd oswa entèferans materyèl nan operasyon lekòl la;
 - c. Gen deklarasyon ladann ki kapab difamatwa oswa fo;
 - d. Gen deklarasyon ladann ki antre nan vi prive lòt moun;
 - e. Entèfere sou dwa lòt elèv;
 - f. Sipòte vyolans oswa aktivite ilegal; ak/oswa
 - g. Fè reklam pou yon pwodui oswa sèvis ke minè pa otorize pou itilize dapre lalwa.

Yo pa dwe entèprete anyen nan pwovizyon sa a pou entèdi distribisyon literati relijyez oswa politik, sepandan, prezante yon tèt materyèl pa vyole prensip ki tabli pi wo a.

2. Si yo apwouve materyèl la, elèv la ap jwenn otorizasyon pou distribiye materyèl la anvan ak apre lekòl epi nan lè ki pa gen ansèyman. Se direktè/tris la k ap bay ki kote nan lekòl la yo kab fè distribisyon epi l ap enkli, pami lòt, nenpòt antre ak sòti nan lekòl la ak plas ki tou pre kafeterya a.
3. Distribisyon an dwe fèt nan lòd epi li pa dwe deranje woutin lekòl la oswa entèfere ak lib ekspresyon lòt elèv yo. Elèv yo pa dwe distribiye materyèl nan yon fason k ap deranje nenpòt aktivite lekòl oswa anpeche oswa bloke sikilasyon nan koulwa ak chemen pou antre lekòl la.
4. Tout elèv gen dwa, malgre pwovizyon règleman sa a, pou refize resevwa oswa aksepte materyèl kab distribiye epi okenn elèv pa gen dwa fòse lòt elèv pran materyèl.
5. Kòm yo itilize nan règleman sa a, tèm "endesan, obsèn oswa pònografik" enkli materyèl ki reyèlman ofansan paske yo se yon afwon ak estanda kominote kontanporèn ki gen rapò ak deskripsyon oswa reprezantasyon sou kesyon sèks.
6. Kòm yo itilize nan règleman sa a tèm "pa deranje woutin lekòl la" enkli, men pa limite, fòse lòt elèv pou tandè oswa aksepte materyèl nan rele oswa bouche pasaj, epi angaje nan aktivite pale pandan lè lekòl ki pa ann akò avèk sijè y ap anseye a.
7. Kòm yo itilize nan règleman sa a, yo refere kolektivman tèm "difamatwa oswa fo " kòm "difamasyon." Premye a se difamasyon oral epi lòt la se yon difamasyon ki alekri. Langaj difamatwa se langaj ki gen tandans afekte negativman repitasyon yon moun. Kòm rezilta sa kapab anpeche atak enkli men pa limite ak onètete, entegrite, vèti, vijinite, sanite endividyèl, Langaj difamatwa kapab dirije vè yon endividi oswa yon gwoup ki tètman piti li klè pou moun k ap koute a menm jan ak endividi y ap difame yo.
8. Dapre jan sa ye nan tèm règleman sa a "vyole vi prive" enkli divilgasyon oswa kominikasyon nenpòt enfòmasyon sou vi prive yon lòt elèv oswa yon endividi enkli, pami lòt bagay yo, nenpòt enfòmasyon sou dosye konfidansyèl elèv yo, enfòmasyon konsènan pwoblèm delika fanmi oswa pèsònèl ak lòt tankou enfòmasyon pèsònèlman idantifyab ki pa t dwe nan domèn an piblik.

9. Dapre jan sa ye nan tèm règleman sa a "entèfere sou dwa lòt elèv" vle di ekspresyon difamatwa kont lòt endividi oswa vè yon gwoup ki tèlman piti, li klè pou moun k ap koute a oswa menm jan ak endividi y ap difame yo.
10. Dapre jan sa ye nan tèm règleman sa a "nan lè ki pa gen ansèyman" vle di avan oswa apre lè lekòl, pandan lè manje oswa rekreyasyon oswa, si se direktè/tris la ki bay yon kote, "nan lè ki pa gen ansèyman" kapab enkli tou lè ant klas yo.
11. Nenpòt kesyon ki genyen sou desizyon ki konsène distribisyon oswa difikilte ki genyen dwe ale jwenn Sipèentandan an se li k ap pran desizyon final la.

B. ELÈV K AP AFICHE MATERYÈL YO

1. Yo pa dwe ekspoze materyèl ki pa fèt nan distri a san otorizasyon direktè/tris oswa reprezantan an, dapre estanda règleman sa a. Direktè/tris la ap chwazi yon kote nan lekòl la pou elèv yo afiche materyèl yo k ap aksesib pou elèv yo. Tout materyèl afichaj yo dwe genyen renonsman sa ki di: **"ELÈV K AP PATWONE MATERYÈL — SE PA LEKÒL LA K AP NI SIPÒTE NI PATWONE MATERYÈL SA A."** Pou yo kab bay elèv yo espas adekwa ak bon jan opòtinite pou afiche materyèl yo, y ap kite yo kenbe materyèl yo otorize pou afiche yo pandan yon peryòd ki pa depase kenz (15) jou lekòl oswa yo kapab rete afiche nan dat evènman an te anonse a.
2. Nenpòt kesyon ki genyen sou desizyon ki konsène distribisyon oswa difikilte ki genyen dwe ale jwenn Sipèentandan an se li k ap pran desizyon final la.

OTORITE LEGAL: § 230.23(17); 230.23005, Lwa Florid.

LWA ANVIGÈ: U.S. CONST. amend. I; Ak sou Dwa Sivil 1964 ("Tit VII"), § 703(a)(1), jan Ak Dwa Sivil 1991 te amande I, 42 U.S.C. § 20003 (a)(1); § 230.22(5); 230.35; 231.085, Lwa Florid.

DOSYE ISTORIK: 5/5/99

PaJ 2.161A - 2.161C